

# Bon kalite edikasyon sante Lye ak elèv ki pi ansante

Yon Resous pou fanmi ak kominote yo



“Mwen santi mwen byen nan klas sante paske li ede nou aprann kò nou, ak kòman l ap fonksyone, ak ki jan nou ka kenbe l ansante, ak mennen yon estil lavi ki repoze sou prensip sante pandan tout lavi nou.”

—Elèv nan lekòl presegondè Vil Nouyòk

Jèn jodi a ap fè fas ak pwoblèm sante fizik ak mantal san parèy.<sup>1,2,3</sup> Asire w ke elèv yo resevwa bon jan kalite Edikasyon Sante ka ede satisfè bezwen sante sa yo. Yon etid resan Lekòl Leta Vil Nouyòk te montre lekòl presegondè ak segondè ki konsantre sou kat aspè Edikasyon sante sa yo gen tandans pou elèv yo viv pi ansante:



## Fòmasyon pou pwofesè sante

Lekòl Leta Vil Nouyòk ofri fòmasyon pou pwofesè sante atravè tout vil la. Lekòl kote omwen yon pwofesè te ale nan yon fòmasyon sou Edikasyon sante gen tandans pou elèv yo viv pi ansante.



## Konsistans pwofesè sante

Nan kèk lekòl, pwofesè sante yo chanje chak ane. Nan lekòl kote menm moun yo anseye klas sante pandan omwen de ane konsekitif, elèv yo anjeneral gen konpòtman ki pi ansante.



## Anseye konpetans sante

Yon kourikoulòm bon kalite ki kouvri yon seri ladrès sante, tankou kominikasyon, prizdesizyon, jesyon estrès, ak dekouvèt resous sante fyab. Plis konpetans yo anseye nan klas sante, se plis elèv yo ap gen tandans viv pi ansante.



## Finansman konsèy byennèt (School Wellness Council) Lekòl la

Yon School Wellness Council se yon gwoup paran, elèv, manm estaf ak manm kominote ki travay ak administrasyon lekòl la pou sipòte règleman sante nan lekòl yo. Elèv nan lekòl ki te mande ak resevwa finansman pou School Wellness Council anjeneral te gen konpòtman ki pi ansante.

“Mwen panse [klas sante] vrèman enpòtan paske li diskite vrèman sijè ki rive nan lavi reyèl ou, tankou lè ou grandi, epi li pa sèlman bagay ou pa pral janm wè ankò nan lavi w. Mwen panse li enpòtan anpil paske li anseye w kòman pou jere sitiyasyon yo lè w se yon adilt.”

—Elèv nan lekòl presegondè Vil Nouyòk

“[Nan klas sante], mwen te aprann kisa ki yon relasyon ekselan, sen. Nan fanmi mwen nou pa vrèman pale sou emosyon nou yo, kidonk pou mwen, relasyon ekselan, sen se pa te yon bagay mwen te abitye.”

—Elèv nan lekòl presegondè Vil Nouyòk





“Pandan chapit sou prevansyon dwòg la, pwofesè nou an, li te anseye nou fason lòt elèv yo mete presyon sou ou pou nou pran dwòg ak fè lòt bagay, epi kòman w ka itilize fason ki pi pozitif pou ka di non.”

—Elèv nan lekòl presegondè Vil Nouyòk

“[Nan School Wellness Council nou an], nou te konsantre sou sante ak byennèt kominote lekòl la okonplè. Patikilyèman sou elèv yo, men sou pwofesè yo tou.”

—Pwofesè lekòl presegondè Vil Nouyòk

## Men kòman w ka sipòte Edikasyon Sante nan Vil Nouyòk:

### Jwenn plis enfòmasyon sou Edikasyon Sante nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

- [Kondisyon pou Edikasyon Sante](#)
- [Regleman sou Byennèt nan tout Lekòl Leta Vil Nouyòk](#)
- Poze yon jèn ou konnen kesyon sou Edikasyon Sante li jwenn nan lekòl: Konbyen fwa li gen klas sante? Èske li gen yon pwofesè yo fè konfyans?
- Pale ak pwofesè sante ak direktè lekòl ou a: Ki kourikoulòm edikasyon sante lekòl la itilize? Kiyès ki anseye kou yo? Di yo poukisa sa enpòtan pou ou.

### Patisipe

- Ale nan reyinyon lekòl yo epi fè tande vwa w. Aprann kijan ou ka patisipe nan opòtinite [pou bay fanmi kapasite](#).
- Kontakte [Kowòdonatè pou sipò fanmi distri a](#) oswa [Kowòdonatè lidèchip la](#).

### Li plis sou etid la

- [Etid sou edikasyon sante: Rapò teknik](#)

Ou gen kesyon? Kontakte [wellness@schools.nyc.gov](mailto:wellness@schools.nyc.gov)

Apati 2021–2023, Biwo Pwogram Byennèt Lekòl, Lekòl Leta Nouyòk Vil Nouyòk, te etidye efè pratik Edikasyon Sante sou rezilta elèv yo. Evalyasyon an te itilize estatistik ak eksperyans pèsònèl elèv, pwofesè, ak administratè pou eksplore pratik Edikasyon Sante efikas ak efè yo genyen sou konpòtman ki gen risk sante pami elèv lekòl presegondè ak segondè. Konklizyon yo prezante nan dokiman sa a baze sou tout done sa yo. Pou plis enfòmasyon sou metòd yo itilize, tanpri al gade nan rapò teknik ki nan lyen pi wo a.

Pwojè sa a te vin posib gras ak yon sibvansyon The New York Community Trust bay pou Finansman pou Lekòl leta yo. Biwo Pwogram Byennèt Lekòl la te fè aktivite rechèch sa yo nan kolaborasyon avèk Sharp Insight, LLC. Mèsi pou lekòl, elèv yo, pwofesè, ak administratè k ap patisipe yo pou pataje istwa yo.

<sup>1</sup>Radhakrishnan L, Leeb RT, Bitsko RH, et al. Pediatric Emergency Department Visits Associated with Mental Health Conditions Before and During the COVID-19 Pandemic—United States, January 2019–January 2022. *MMWR Morb Mortal Wkly Rep* 2022;71:319–324. DOI: <https://dx.doi.org/10.15585/mmwr.mm7108e2>

<sup>2</sup>Office of the Surgeon General (OSG), U.S. Department of Health and Human Services. Protecting youth mental health: The U.S. Surgeon General's advisory. 2021. <https://www.hhs.gov/sites/default/files/surgeon-general-youth-mental-health-advisory.pdf>

<sup>3</sup>American Academy of Pediatrics (AAP). Òganizasyon sante yo ankouraje administrasyon Biden lan pou deklare yon eta dijans nasyonal federal nan sante mantal timoun yo. 2022. <https://www.aap.org/en/news-room/news-releases/aap/2022/health-organizations-urge-the-biden-administration-to-declare-a-federal-national-emergency-in-childrens-mental-health/>